Бадаева А.С., Алиева З.Л-А., Халикова А.Х.

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА

Белхан тетрадь

2 класс

1 дакъа

Нохчийн Республикин йукъарадешаран учрежденешна

Соьлжа-ГІала
АО «ИПК «Грозненский рабочий» – 2023

УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)
Н85

Н85
Нохчийн литература. 2 кл. 1 дакъа. Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь / ХIоттийнарш: Бадаева А.С., Алиева З.Л.-А., Халикова А.Х. – Соьлжа-ГIала: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2023. – 32 а.
ISBN 978-5-4314-0539-6

Белхан тетрадь йукъа догIуш долу тIедахкарш 3-чу классан Iаматца («Нохчийн литература. 2 кл. 1 дакъа». Бадаева А.С., Алиева З.Л-А., Халикова А.Х.) нисдина ду. Уьш дешархойн хаарш лакхадахарна, тIедузарна, талларна лерина ду. Амма дукхахдолу тIедахкарш кхолларалла а, къамел кхиоран а балхана лерина далийна.

Халонаш нисйеллачохь дошамех а, интернетах а пайда эца мегар ду.

Федеральни пачхьалкхан коьрта йукъарчу дешаран стандартан лехамашца йогIуш тIейуьзначу «Нохчийн литература. 2 кл.» Iаматца догIуш а, личностни, метапредметни, предметни жамIашка кхача аьтто беш а ду белхан тетрадь.

ISBN 978-5-4314-0539-6




УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)

© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2023
© Бадаева А.С., 2023
© Алиева З.Л-А., 2023
© Халикова А.Х. 2023
Все права защищены

ДАЙМОХК

1. Даймехкан сурт дилла.



2. Байт йийширий ахь? Ахь муха йоьшу? Лахахь далийнчу жоьпех хьайца догIуш дерш билгалдаха.

- ○ Ас гIалаташ ца доху.
- ○ Ас наггахь гIалаташ доху.
- ○ Суна массо а шалха элп хаьа.
- ○ Суна цхьадолу шалха элпаш ца девза.
- ○ Суна массо а шалха элп девза, делахь а йоьшуш, цхьадолу элп дицло.
- ○ Суна массо а элп девза, амма цхьадерш дикка ала ца ло.

3. Демеев Iалавдин «Нохчийчоь» цIе йолчу байта тIера цхьаьна далийна дешнаш вовшахтаса, лахахь санна.

Сийна стигал	лоькху йиш
Сингаттаман	маса хиш
Олхазарша	йаха хьо
Декъалхилла	йоцуш дохк

4. Байт дIайеша. Хьуна цадевзаш дешнаш дуй цу йуккъехь? Царна буха сиз хьакха. Баккхийчаьрга хатта а хоттуш, царах кхета хьажа.


Сийна стигал, маса хиш,
Олхазарша лоькху йиш…
Мел хаза бу хьо, Даймохк,
Сингаттаман йоцуш дохк.


Хаза хьаннаш, аренаш,
Сирла, шийла шовданаш…
Даймохк, даькккхи ахь заза, –
Туьйранал хьо бу хаза.

Сийна стигал, маса хиш,
Олхазарша лоькху йиш.
Иза йу сан Нохчийчоь...
Декъалхилла йаха хьо!

УГГАР ДИКА ДОТТАГІ – ЖАЙНА

5. Суьрташка хьовса. Муьлхачу суьрта тІера киншкаш йу лело ма-йезза лелош? И сурт басарде.





6. Шаьш киншкаш муха лелайо дуьйцу Дикас а, Жайнас а. Цу йуккъера шайна нийса хетарг къастаде.



- ○ Ас киншки тIе мужалт йуллу.
- ○ ХIума йууш а йоьшу ас киншка.
- ○ Ас киншкина йуккъейуьллург лелайо.
- ○ Ас киншка гуттар а стоьла тIехь йоьшу.
- ○ Басардаза сурташ хилча, уьш басардой, кечйо ас киншка.
- ○ Ас гуттар а терхи тIе дIайуьллу киншка, суо йешна йаьлча.



- ○ ЦIеначу куьйгашца бен киншка ца лелайо ас.
- ○ Суо муьлха агIон тIехь сецна хаийта, агIонан маьIиг саттайо ас.
- ○ Меттахь дIа а вижина, киншка йоьшуш хазахета суна.
- ○ Суо йешна ваьлча, маьнги буха дIайуьллу ас киншка.
- ○ ЙаахIума йолчохь йа ловзучохь цкъа а ца лелайо ас киншка.
- ○ Ас киншки тIе цкъа а къолам йа ручка ца хьокху.

7. «Деша жайна» байта йуккъехь муьлха турпалхой бу буьйцуш? Хьуна уьш бевзий? ДIайазбе уьш.

_____

_____

_____

_____

_____
_____
_____
_____

8. ХIокху шина теманах цхьаъ къастайай, сурт дилла:


1. Ас киншка муха лелайо;
2. «Деша жайна» байта йуккъера турпалхо.




ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА

ДАГАРДАРШ, ЧЕХКААЛАРШ


9. Лахахь далийна дешнаш дIадеша. Царах чехкаалар муьлханиг ду, дагардар муьлханиг ду хуур дарий хьуна? Дагардарна йуххера сурт сийначу къоламца басарде, чехкааларна йуххера сурт – цIе-чу къоламца.




Цеца чохь цу ца соцу.



Дум, дум, думбарий,
ЙогIуш хеза бумбари.
Лаций, йехка иза дIа,
Вадий, вала кIелхьара.



Ча чу шершачохь со чу ца шерша, со чу шершачохь ча чу ца шерша.



Сан шар шуна, шун шура суна.



Дама, ахьар, кемсийн кан,
Йаьлла арахь аьхка чан.
Миска сискал йедда дIа,
Муьста берам Iени сан.
Итта, пхийтта, эзар шо.
ХIинца ахьа лоху тхо!

10. Іамат тІе а хьожуш, дагардарш йуккъера тІе ца тоьа дешнаш тІе-йазде.

Дитт, дитт, _____ дитт.
Генаш _____ доккха дитт.
Лачкъий, вала _____,
ас тохале хьайна _____.

Дум, дум, думбарий,
ЙогІуш хеза _____.
Лаций, _____ иза дІа,
Вадий, вала _____.

11. Чехкааларш дІайаздеш, гІалаташ даьхна ЧІирдига. ДІанисде уьш.

Ча чу чершачохь шо чу ча шерша, шо цу шершачохь ца чу ча шерша.
Ши шай, си чай, чи сом.
Цеча цохь чу ча соцу.

12. Лахахь йалийнчу таблици тІехь деса хесаш дІадуза.

			
Ча чушершачохь	со чу ца шерша,	со чушершачохь	_____ _____

		
	кхо туьма,	кхо кхокха

13. Хьайна луъу чехкаалар дIайазде, суьрташ а дохкуш. Дешнашка хьажжий, хесаш декъа.

14. ХIетал-металшца догIу сурташ дахка йа тIелатаде.

Хуьл-хуьлуш – хингал, хилла даьлча, – хьокхам.

Хьалайерзийча – йаьсса, охьайерзийча – йуьзна хуьлуш йолу хIума.

Дийнахь сарралц – йуьзна, сахиллалц – мецанаш.

Къеначу стеган говр.

Вайн цIийна тIехьахула чIишаш лехьош йоьду Жоьра-Баба.

ЦIа дуьззина хьеший бу, чу-ара бовла кор-неI дац.

Коr – цIа чохь, корта – арахь.

15. Суьрташца догIуш хьайггара хIетал-металш кхолла хьажа.







КИЦАНАШ

16. Кицанийн дакъош вовшахтаса.

ХIума хаар –	наха а ца лерина.
Да-нана цалеринарг,	уггар мерза хуьлу.
Шен гIалат тIе ца лоцучо,	цкъа а тIаьхьа дац.
Нанас йина яахIума	цул доьхнарг долуьйтур ду.
Диканиг дан	цадешар – бода.
БIаьргана дукха хетарг	ненан когаш кIелахь йу.
Ялсмани	хало.
Дешар – серло,	нахе ладогIар.
Мало –	куьйго кхачийна.

17. Муьлха сурт муьлхачу кицанца догIу?

Дешар – серло,
цадешар – бода.





Довха худар даа а
дац атта.



Аьхка вижина
Iиллинарг Iай идда.

18. Хьайна уггар хазахетта кица дIайазде.

_____

_____

_____

19. Муьлхха а цхьана кицанна догIу сурт дилла.

ТУЬЙРАНАШ

20. «Бабин ЧIирдиг» туьйранах хаттаршна жоьпаш ло:

1. ХIун кхача кечбира Бабас ЧIирдигна, и аравалийта?

_____

2. Араваьлча, мила гира ЧIирдигна?

_____

3. ХIун хилира ЧIирдигна, хьуьнха вахча?

_____


4. Муха кIант хета хьуна Бабин ЧIирдиг? Хьайна цунах хетарг дIайазде


_____



_____

_____

21. Сурташка а хьожуш, «Зуьно дина хIилла» туьйранан план хIоттайе.





ПЛАН

1. _____
2. _____
3. _____
4. _____
5. _____
6. _____

22. Хьайна хазахеттачу туьйранах сурт дилла.

23. Муьлха турпалхо мича туьйранера ву?







_____ _____ _____

_____ _____ _____

24. Туьйранаш кегаделла Дошлиган. Шен-шен туьйране дIасанисде дешнаш.



Зу ижу лаха арайаьлла хилла. ДIаоьху-уш, цхьана новкъахь Iуьллуш доккха йоьхьан дакъа карийна цунна...

Хьуьна йистехь, сийна буц йууш, хьагйелча, шийла шовда молуш, тIаккха кхиссалуш, ловзуш, самукъадаьлла лелаш хилла уьш.





Нехан бераш шайн наношна гIо деш, ишколехь доьшуш хилла. Ткъа ЧIирдиган цхьа а хIума дан догдогIуш ца хилла.

25. ПIелгийн цIераш дIайазйе.



26. Туьйранан турпалхойн къамелаш дагадогIий хьуна? Бес-бесара къоламашца сизаш а дохкуш, гайта, хьан хIун аьллера.



ЙаахIума а ца луш, дикка мацвалийта иза дуьххьара. ТIаккха ди-ка чIепалгаш а дай, цунна наб кхетта хан ларйе. ТIаккха цхьа чIепалг цунна улле дилла, шозлагIаниг – иза вижначу метте, кхозлагIниг кетIа дилла...



Хьан синпха хIунда беттало?!



Аш гIенах лелийнарг суна гира. Мел лехча а, суна-м ца карийра кхалла хIумма а. Шу, уьстагIий а, котамаш а йиина, меца а хир дац аьлла, ас и йоьхьан дакъа диира-кх.



ТIехь Iу воцуш жа гира суна. Цу юккъера дерстина дол-долу уьстагIий схьа а лоьцуш, диира ас.



Газ-гуьзалг йогIуш йу
Бацах йуьзна техкаш йу,
Нанна дукха йезаш йу,
Болар чехка долуш йу!

САН ДАЙМЕХКАН КОЬРТА ГІАЛА

27. Хьуна йевзий Соьлжа-ГІалара меттигаш? Суьрташ тІехь йолчу меттигийн цІераш къастайе.









Къоначу хьовсархойн театр

Нохчийн къоман библиотека

«Нохчийчоьнан Дог» маьждиг

Нохчийн къоман музей

28. Кхин хIун меттигаш йевза хьуна Соьлжа-ГIалахь? ДIайазйе церан цIераш.

_____

_____

_____

29. Хьуна йевзий светофоран бакъонаш? Яшуркаев Султанан «Светофор» байта йукъара могIанаш дIадеша. Йукъадитина дешнаш дIайазде, светофоран бIаьргаш могIанашка хьажжий басарде.



30. Байташ йукъахь цадевзаш дешнаш нисделирий хьуна? Нисделлехь, уьш дIайазде лахахь. Кхечу дешархошца дийцаре де уьш. Дошам тIехь церан маьIне хьажа.

_____

_____

_____

31. Лахахь далийнчу хаттаршна нийса жоьпаш билгалдаха.

а) Вайн Даймехкан коьрта гIала муьлханиг йу?

- ○ Соьлжа-ГIала
- ○ Гуьмсе
- ○ Устрад-ГIала
- ○ Шела
- ○ МартантIа

б) ХIунда аьлла вайн мехкан коьртачу гIалех Соьлжа-ГIала?

- ○ Соьлжа хи долу дела гIали йуккъехула охьадогIуш.
- ○ Соьлжа лаьттинчохь йоьгIна и.

в) Муьлха шо лору Соьлжа-ГIала йиллина шо?

- ○ 1900
- ○ 1500
- ○ 1818
- ○ 2000

г) «Светофор» стихан автор мила ву?

- ○ Абубакарова ПетIамат
- ○ Макалов Шамсудди
- ○ Демеев Iалавди
- ○ Яшуркаев Султан

ДАШО ГУЬЙРЕ

32. Гуьйренах сурт дилла, цуьнан хьайн цIе а тилла.

33. Макалов Шамсуддин «Гуьйре» байта тIе а хьожуш, хаттаршна жоп луо.

Гуьйранна гIаш муьлха басахь хуьлу? _____

_____

Іуьйре муха йогІу? _____

_____

Мархаш муха хуьлу? _____

_____

Гуьйре чекхйаьлча, хIун мур кхочу? _____

_____

34. ЧIирдиг «Малонча» туьйра дийца кечлуш ву. Цуо шена атта хилийта дийцаран план хIоттийна. Амма хьалха-тIаьхьа хIун хилла дикка дагадогIучух тера дац ЧIирдигна. Терахьаш а хIиттош, дIанисйе цуьнан план.

- ◯ Малончина карайо ша реза болу хIусам.
- ◯ Цул тIаьхьа муха кечам бора Малончас.
- ◯ Хьанна гергахь сецча, Iа токхе даккхалур дара-те?
- ◯ Малончина тIехIоьттина кхерам.
- ◯ Малонча адамийн хIусамехь.
- ◯ Малонча цIе йолу накхармоза.
- ◯ Iалам кечамбеш ду.

РИФМА

35. Батаева Хедин «Гуьйре» стих схьайелла (?? агIо). Цу тIе а хьожуш, хIокху дешнийн рифмаш схьалаха.

Iуьйре – _____
Йис – _____
Хьийза – _____
Iа – _____
гIан – _____

36. 51–52 агIонашна тIера рифмех пайда а оьцуш, йа хьайгара кхин рифмаш лахий, стихан кепехь могIанаш йаздан хьажа.

_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____

37. Хаттаршна нийса жоьпаш къастаде.

а) Муьлхачу байта йукъара ду хIара хIара дешнаш?

«Чекх ма-йелли гуьйре,
Іа схьакхочур ду...»

- ○ Батаева Хеда «Гуьйре»
- ○ Макалов Шамсудди «Гуьйре»
- ○ Сейлмуханов Муса «Деса Іалам»

б) Гуьйренан билгалонаш билгалйаха:


- ○ ГIаргIулеш бовхачу махка дIайоьлху
- ○ Дитташ тIера гIаш охьоьгу
- ○ Дитташ тIехь заза деллало
- ○ ДогIанаш оьху

в) Рифмица догIуш долу дешнаш хуттуш, сиз хьакха.

Гуьйре	Теша
Деша	Суьйре
Суна	Дог
Ког	Хьуна
ЧIара	Лам
Iам	Кара

СТЕЛАIАД

38. СтелаIодан маса бос хуьлу? Церан цIераш йевзий хьуна? Сурт басарде, беснийн цIераш дIа а йазйеш.



(цIен, цIехо-можа, можа, баьццара, стигал-бос, сийна, шекъан-бос)

39. «ХIордан хи дуьра хIунда хуьлу?» текста йуккъера хьайна девзина хийн тайпанаш дIайазде.

Шовда,_____

_____

_____

_____

40. Беттанийн цIераш дIайазйе.

_____

_____



_____

_____

_____



_____

_____

_____



_____

_____

_____



_____



41. Хаттаршна нийса жоьпаш къастаде.

а) Вайн махкахь арадолучу берийн журналан цIе муха йу?

- ○ «Орга»
- ○ «СтелаIад»
- ○ «Нана»

аь) Гуьренан беттанийн нохчийн маттахь йолу цIераш билгале.

- ○ Товбецан бутт
- ○ Эсаран бутт
- ○ Лахьанан бутт
- ○ ГIуран бутт

б) Чохь цIе латош, хIусамехь йовхо латто йолу пеш:

- ○ Кхерч
- ○ Товха
- ○ Куьрк

в) Гуобаькккхина гуонаха хи долу лаьттан дакъа (остров):

- ○ Берд
- ○ ГIайре
- ○ Башлам
- ○ Iапказ

42. Хьайн доьзалх лаций йазде, хаттаршна жоп а луш.


Маса адам ду хьан доьзалехь? Муьлш бу уьш? Церан цIерш муха йу? Уьш доьшуш йа болх беш буй? Мичахь? Мукъачу хенахь хIун до аш? Цхьаьний хIун деш самукъадолу шун? Хьуна хьанах тера хила лаьа хьайн доьзалера?

_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____

43. ХIокху декъа йуккъехь ца кхеташ дешнаш нисделлий хьуна? Нисделлехь, дIайазде уьш. Церан маьIна дошам тIехь муха гайтина хьажа.

_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____

44. БІобанан сурт дилла. Муха хир йу хьан бІоба: кхераме, беламе, оьгІазе, йелайелла? ХІунда лии хьуна иштта и хилийта?



45. Жайний, Дикий «БІоба эккхор» дІадийца кечлуш ду, вошашка хаттарш а луш. Ахьа а кечде оцу дийцарх хаттарш.

1. Маса шо ду Саламун?
2. _____
3. _____
4. _____
5. _____
6. _____
7. _____
8. _____

9. _____
10. _____

46. «Жима цIа» дийцаран план хIоттайе.

_____
_____
_____
_____
_____

48. ТIедеъначу маьIнехь аьллачу дешнех нийса ца кхетта Дика. Цуо царах иштта суьрташ дехкина. Уьш хIун аларш ду аьлла хета хьуна? ДIайазде.



_____
_____



_____
_____

_____
_____



_____

_____



49. Хаттаршна нийса жоьпаш къастаде.

а) Муьлхачу байтера ду хIара дешнаш

Хеда суьрташ дохкуш йоллу:
Доккха зезаг, керла цIа.
Нанас цаьрга, йоьлуш, олу:
«Ма дика ду бераш сан!»

○ Ахмадов Муса «Доьзал»
○ «Махмаев Жамалди «Деза денош»
○ Абубакарова ПетIамат «Нана»

аь) «БIоба эккхор» дийцаран коьрта турпалхо вила ву?

○ Адам
○ Решед
○ Саламу
○ Акроман

б) «Жима цIа» дийцаран турпалхо

○ Седа
○ ЦIазам
○ Аминат
○ Хьава

ЧУЛАЦАМ

Даймохк 3
Уггар дика доттагI – Жайна 5
ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА
Дагардарш, чехкааларш 8
ХIетал-металш 11
Кицанаш 13
Туьйранаш 15
Сан Даймехкан коьрта гIала 19
Дашо гуьйре 22
Рифма 23
СтелаIад 25
Сан доьзалан йовхо 28

Учебное издание

Бадаева Айшат Салауддиновна, Алиева Зарина Лом-Алиевна, Халикова Асет Хусаиновна

ЧЕЧЕНСКАЯ ЛИТЕРАТУРА

Рабочая тетрадь № 1
к учебнику А.С. Бадаевой, З.Л.-А. Алиевой, А.Х. Халиковой
«Чеченская литература. 2 класс»

Редактор Бураева Т.И.
Верстальщик М.С. Астомирова
Технический редактор С.В. Дзагаева
Корректор А.Т. Бицалова

Подписано в печать 12.01.2023. Формат 70x90 1/16. Бумага офсетная.
Печать офсетная. Гарнитура SchoolBookC. Усл.-печ. л. 2,34.
Тираж . Заказ .

АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»
364000, ЧР, Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35

Бадаева А.С., Алиева З.Л-А., Халикова А.Х.

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА

Белхан тетрадь

2 класс

2 дакъа

Нохчийн Республикин йукъарадешаран учрежденешна

Соьлжа-ГІала
АО «ИПК «Грозненский рабочий» – 2023

УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)
Н85

Н85
Нохчийн литература. 2 кл. 2 дакъа. Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь / ХIоттийнарш: Бадаева А.С., Алиева З.Л.-А., Халикова А.Х. – Соьлжа-ГIала: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2023. – 32 а.
ISBN 978-5-4314-0558-7

Белхан тетрадь йукъа догIуш долу тIедахкарш 4-чу классан Iаматца («Нохчийн литература. 2 кл. 2 дакъа». Бадаева А.С., Алиева З.Л-А., Халикова А.Х.) нисдина ду. Уьш дешархойн хаарш лакхадахарна, тIедузарна, талларна лерина ду. Амма дукхахдолу тIедахкарш кхолларалла а, къамел кхиорна а балхана лерина далийна.

Халонаш нисйеллачохь дошамех а, интернетах а пайда эца мегар ду.

Федеральни пачхьалкхан коьрта йукъарчу дешаран стандартан лехамашца йогIуш тIейуьзначу «Нохчийн литература. 2 кл.» Iаматца догIуш а, личностни, метапредметни, предметни жамIашка кхача аьтто беш а ду белхан тетрадь.

ISBN 978-5-4314-0558-7



УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)

© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2023
© Бадаева А.С., 2023
© Алиева З.Л-А., 2023
© Халикова А.Х. 2023
Все права защищены

МАРША ДА ХЬО, КЕРЛА ШО!

50. «Керла шо» байтан кийсакна тІе ца тоьа дешнаш дІайазде.

ГІура-Дадин лоций маж,
Барзо _____ Іаж.
Кампет йууш йоллу ча,
Цу тІе _____ шийла ша.

ЧІагІлуш хиларх арахь дарц,
Бераш совца _____ дац.
_____ цара: «Керла шо!»
И схьакхаччалц халхарш до.

51. Кху байташкахь хьахийнчу акхароша Іа муха доккху, хаьий хьуна? Цунах лаьцна хаамаш лаха. Цхьана экханах йазде.

_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____

52. «Керла Шо кхана хир ду» туьйранехь хIокху хиламех хьалха-тIаьхьа хIун хилла билгалдаккха терахьашца.

◯ Массо а Керлачу Шарна кечам беш вара.

◯ Нанас гIо де аьлча, кхана дийр ду олура ХунтIуза.

◯ ХунтIузна шена деана совгIат карийра.

◯ ХунтIуза нанна гIо дира.

◯ «Хьан Керла Шо кхана хир ду», - элира ГIура-Дадас.

◯ Бераш ГIура-Дадина дуьхьалдахара.

53. «Керла Шо кхана хир ду» туьйранах лаций хаттарш хIиттаде.

_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____

IA

Нийса жоьпаш къастаде.

а) Лахарчу могIанийн автор мила ву?

Хаза аре,
Сирла де.
Чимаш оьгу
Коьрта тIе.

- ○ Гадаев М-С.
- ○ Хатуев І.-Хь.
- ○ Яралиев Ю.

аь) ХIокху могIанийн автор мила ву?

...Пису корах хьоьжуш ду,
Нана бепиг доттуш йу.
Лайла вала хазделла,
Когаш кIамлуш со а ву...

- ○ Гадаев М-С.
- ○ Сейлмуханов М.
- ○ Яралиев Ю.

аь) Байтан цIе «Жимачу кIентан илли» хIунда тиллина аьлла хета хьуна?

- ○ Жимачу кIентан ойланаш йу хIокху байта тIехь йуьйцурш.

○ Жимачу кIанта, шен ойланаш йуьйцуш, аьлла илли ду иза.

○ Ло догIуш аьлла илли долу дела.

54. «Хьоза» цIе йолчу байта тIера цхьаьна далийна долу дешнаш хуттуш сиз хьакха. Дийца церан маьIнах лаций.

тIемаш	кIуьро
дорцан	Iа ду
баьпкан	детташ
лаьтташ	цуьргаш

55. Лахахь далийначу дешнашца таблица дIайуза. Хьажа муьлхачу элпашна тIера долало хIора дош. ХIун дош ду иза?

I	a					
I	a					
I	a					
I	a					
I	a					
I	a					

Дешнаш: Iа, Iам, Iапказ, Iамат, Iаса, Iаламат

56. Терахьаш а дохкуш, билгалбаха «КIайн Iахар» дийцарехь хьалх-хьалха хилла хиламаш.

○ Эсила арайелира.

○ ЙоI чу йахара.

◯ Нанас дов дира.

◯ Массо а хIума кIайн дара.

◯ Iахар божал чуьра араиккхира.

◯ Эсила чу йахара.

57 Лахахь далийнчу масале а хьожуш, денойн цIераш схьалохуш сиз хьакха.

лама	цIака дIадаьлча
ула	цIула дIадаьлча
цIака	цIаста дIадаьлча
цIаста	кхана дIадаьлча
кхана	тахана дIадаьлча
цIула	ула дIадаьлча
цIимока	лама дIадаьлча

58. Авторан цIе цо йазйинчу говзарца хуттуш сиз хьакха.

Хатуев I-Хь.	Жимачу кIентан илли
Гадаев М-С.	Керла ло
Сейлмуханов М.	КIайн Iахар
Яралиев Юсуп	Хьоза

ВАХА ІАМА

59. Лахахь йалийнчу Аболханов Хьакиман байташкахь тІе ца тоьа дешнаш, Іамат тІе а хьожуш, дІайазде.

Хьаша веъча, аравалий,
Ахь _____ хатталахь,
Кертахь, арахь, сихха лахий,
Шайн дега _____ баккхалахь.

Нехан хІусме воьдуш, ахь,
_____ алий, тоха мохь,
Йа когашца _____ тоха,
Йа ца йогІу _____ тоха.

60. Нийса жоьпаш къастаде.

а) Воккханиг чоьхьаваьлча хІун дан деза?

○ Чуьра аравала веза.
○ ХьалагІатта веза.
○ ХІумма а дан ца деза.

аь) Новкъахь схьавогІуш воккханиг велахь хІун дан деза?

○ Цунна некъ бита беза.
○ ДІаваха веза.
○ Къайлавала веза.

б) Нехан чу вахале, хьо вогІий хоуьйтуш

○ неІ тоьхна, кхайкха веза.
○ сихха чоьхьавала веза.

○ цхьаъ араваллалц собардан деза.

г) Хьаша веъча олуш долу дешнаш:

○ Некъ дика хуьлда хьан!
○ Марша вогIийла хьо!
○ Iодика йойла хьан!

61. Махмаев Жамалдин «Дика лар» цIе йолу дийцар дийширий ахь? Хьан хIун дика лараш йита йу дахарехь? Суьрташка а хьажий, ала, билгалдаккха дика лар муьлханиг йу?



62. «Теша» цIе йолчу байта тIера могIанаш цхьаьнахуттуш сиз хьакха.

лаьа	довза
дуьне	суна
Iамо	кхуьуш
хила	деша

63. «Дада волчохь, йуьртахь» цIе йолчу дийцаран турпалхой дагабахкийта. ДIайазйе церан цIераш.

ГIалара йуьрта веанарг мила вара?	
Аьхка йуьрта муьлш болчу воьдура Дени?	
Цуьнан доттагI мила вара?	

64. Схьа а лахий, дийцарехь бан а боцуш, совнаха балийна хаамаш билгалбаха.

- ○ Дени аьхка йуьрта вахара.
- ○ Ахка тIе лийча вахара и.
- ○ Хи чохь чIара лецира.
- ○ Воккха Дадас хьехар дира.
- ○ Бабас хьаьстира иза.

65. Нийса жоьпаш къастаде.

а) «Дика лар» дийцар тIехь гайтинарг шеран муьлха хан йу?

- ○ Аьхке
- ○ Гуьйре

○ БIаьсте
○ Iа

аь) «Дада волчохь, йуьртахь» дийцаран турпалхочун Денин йуьртара доттагI

○ Муса
○ Маса
○ Iийса
○ Ахьмад

б) Шарна чохь малх уггаре чIогIа лакхабаьлла, чIогIа бохбелча муха олу вай?


○ Малх цIа кхаьчна
○ Малх цIерабаьлла
○ Малх къайлабаьлла

66. «Марха къобалдойла» байтан йеша. Шу доьлхий йуьртахойн марха къобалдан? ХIун дешнаш олу аш бакхийчаьрга? Ишшта байтан кепехь дешнаш хаьий хьуна? Шаьш марха къобалдеш олу дешнаш дIайазде.

_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____

ВАЙН КЕГИЙ ДОТТАГIИЙ

67. Демеев Iалавдин байта тIера гIаз гуьйранна дIа хIунда йахана? Стенга йахана и? Кхин хIун олхазарш девза хьуна гурахь бовхачу мехкашка дIадоьлхуш? ДIа ца доьлхуш дерш муьлханаш ду? Лахарчу суьрташна йуккъехь дIадоьлху олхазарш цIечу къоламца билгалдаха, ца доьлхуш дерш – сийначу къоламца. Олхазарийн цIераш суьрташца хотта.



ЧIегIардиг

ГIаз

Алкханч

ГIаргIули

Куьйра

Хьоза

Берцанкхокха (Лайн-Хьоза)

Къиг

68. Стоьмийн муьлха дитташ девза хьуна? Церан цIераш дIайазйе.

_____
_____
_____
_____

69. «Вайн кегий доттагIий» декъа йуккъерчу турпалхойн цхьатера хIун амалш йу? Муха йу церан дийнаташца йукъаметтигаш? Хьайн хетарг дIайазде.

_____
_____
_____
_____
_____

70. ЦIахь лелочу даьхнийн цIераш йевзий хьуна? Церан цIераш дIайазйе.

Хьайбанаш	ЗIакардаьхни
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____

71. Хьайн хазахетачу цхьана дийнатах хаамаш лаха киншкаш тIехь йа интернет чохь. Цуьнан сурт дилла, хьайна хиънарг йаз а де.



БІАЬСТЕ ЙОГІУ, БІАЬСТЕ ЙОГІУ...

72. БІаьста кхуьуьчу зезагийн хьайна хууш йолу цІераш йазйе.

_____

_____

_____

73. Сатуев Хьусейнан «БІаьсте йогІу», Пашаев Нурдинан «БІаьстенан Іалам» байташкахь цхьатера сурташ хаделирий хьуна? Оцу шинна а байта тІехь хьахийна долу суьрташ билгалдаха лахахь.

- ○ Бай тІехь зезагаш девлла.
- ○ Олхазарша эшарш лоькху.
- ○ Акха гІезаш цІа йоьрзу.
- ○ Іалам самадолу.
- ○ Дитташа заза даькккхина.

74. Демеев Іалавдин «Сан совгІат» байта йуккъера йоІа хІун совгІат дан лерина шен нанна?

_____

Ахь кхин хІун хазахетарш дийр дара нанна совгІатна?

_____

_____

_____

75. Оццу байта тIехь нанас йоIана хIун хазахетар до сарахь?

_____

Кхин хIун кегийра хазахетарш до наноша берашна? Хьайна хетарг дIайазде.


_____

_____

_____

_____

76. «Со мамел хьалха хьалгIоттур йу» байташкахь хьахийна доцу олхазарш билгалдаха. Церан массеран а цIераш дIайазйе.



_____ _____

_____ _____

_____ _____

_____ _____

_____ _____

77. «Сийна бІаьсте» байта тІера хьайна цадевза дешнаш схьайазде. Уьш дошамаш тІехь схьалахий, йа бакхийчаьрга хаттий, церан маьІнах кхета хажа.

_____

_____

_____

_____

78. Ахмадов Мусан «БІаьстенан гІовгІа» дийцарехь буьйцучу хиламийн рогІалла билгалйаккха терахьашца.

- ○ Дистина догІуш ахк хиллера.
- ○ Дадас Іай-бІаьстей къаьстина элира.
- ○ Кемалг къайладаллалц тІаьхьахьийжира иза.
- ○ Мовсар цецваьллера.
- ○ Буьйсанна мох белира.
- ○ Кемалг сацош йолу нехаш дІахьаькхира Мовсара.
- ○ Корехула охьадогІу татол гира.
- ○ Мовсара Дадига хаттарш дира.
- ○ Кемалг хи чу дІахийцира Мовсара.
- ○ Хинкема дира Мовсара.

79. «БІаьстенан гІовгІа» дийцаран турпалхойн цІераш дІайазйе.

_____

_____

_____

_____

80. «БІаьсте кхечи» байта йуккъера дешнийн маьІна билгалдоккхуш, нийса жоьпаш къастаде.



Диттах лета хенакІур

- ХенакІур диттана тІелетта.
- ХенакІуьро диттах зІок йетта.
- ХенакІур дитт охьатоха гІерта



БІаьрла нур

- Къегина серло
- БІарийн серло
- БІаьргийн серло

Іалам ховха делало.

- ГІовгІанаш йаьржа.
- Довха, сирла денош дІахІуьтту.
- дитташа патар хоьцу.



81. Талхадов Хьамзатан «БІаьсте» цІе йолчу байта тІехь муьлха дийнаташ дуьйцу?

- ○ Вир
- ○ Говр
- ○ Аьрзу
- ○ Пхьагал
- ○ Котам
- ○ Полла
- ○ Пхьид
- ○ Цициг
- ○ Дахка
- ○ Къиг
- ○ Къийган кІорни
- ○ ЖІаьла

82. Талхадов Хьамзатан байта тІера хьайна хазахеттачу дийнатан сурт дилла.

83. Говзарш а, церан авторш а цхьаьнахуттуш сиз хьакха.

Сейлмуханов Муса	«БIаьстенан гIовгIа»
Сатуев Хьусейн	«Кхечи бIаьсте»
Ахмадов Муса	«БIаьстенан Iалам»
Пашаев Нурдин	«БIаьсте йогIу»

84. Сатуев Хьусейнан «БIаьсте йогIу» байтана хаттаршна нийса жоьпаш къастаде.

Латта хьаьстинарг
- ○ Малх
- ○ Зезаг
- ○ Буц

Сенчу бай тIехь, корта айъина хьаладолу
- ○ Зезаг
- ○ Йараш
- ○ БаI

Бацала эшарш Iенош, сенчу стиглахь кхозу
- ○ НIаьвла
- ○ ХенакIур
- ○ ЧIегIардиг

Зазашца дуьне хаздина, Iалам дендина лаьтта тIе йогIург
- ○ БIаьсте
- ○ Гуьйре
- ○ Iа

ДАЙМОХК

85. Ахмадов Мусан «Даймохк» цIе йолчу байта тIехь шеран муьлха муьраш гайтина дIайазде лахахь.

_____

_____

ХIора а муьран коьрта билгалонаш дIайазйе.

_____

_____

_____

_____

86. Бексултанов Мусан «Даймохк» цIе йолчу дийцаран турпалхой муьлш бу дIаIазде.

_____

_____

_____

87. Жимачу беро «Даймохк стенах олу?» хаттар хьайга делча, ахь муха жоп лур дара цунна? Лахахь хьайн жоп дIайазде.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

88. Даймохк муха Іалашбан беза? Лахахь йаздинчарах Даймохк Іалашбарехь дика гІуллакхаш муьлханаш ду аьлла хета хьуна, билгалдаккха.

- ○ Ненан мотт Іамор, бийцар.
- ○ Іалам лардар.
- ○ Мерза йуург йаар.
- ○ Ишколехь дика дешар.
- ○ Деца, ненаца дика хилар.

89. Хьо вехаш волчу йуьртан йа гІалин цІе а, цунах лаьцна хьайна хуург а дІайазде лахахь.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

90. Авторш а, церан говзарш а цхьаьнатухуш сиз хьакха.

Бексултано Муса	«Даймохк» (байт)
Ахмадов Муса	«Весет»
Арсанукаев Шайхи	«Нохчийчоь»
Демеев Іалавди	«Даймохк» (дийцар)

91. Сийлахь боккхачу тIамехь дакъалаьцна, шайгара хьуьнарш гайтина болу нохчийн турпалхойн цIераш йазйе.

_____

_____

_____

_____

92. Хьуна хIун хаьа вайн Даймехкан коьртачу гIаланах? Жоьпаш дIайазде.

Вайн мехкан коьртачу гIалин цIе хIун йу?

_____

Маца дуьйна дIайолалуш йу цуьнан истори?

_____

ХIун хи ду Соьлжа-ГIалин йуккъехула охьадогIуш? _____

Соьлжа-ГIала йолчохь йоьгIначу гIопан цIе муха хилла? _____

93. Нохчийн маттахь кIиран денойн цIераш дIайазйе. Дагахь Iамайе уьш.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____



94. Зезаган гІаш нийсачу анаграммашца хотта.



р о о ш т е д

и ш а н и р е д

а кх а р и е д

р кІ и а н е д

а пІ д е р с а н е

е ш д о т

е й а е д р и

95. Къонахчун амалш муха хуьлу нийса билгалдаха.

- ○ Майра
- ○ Стешха
- ○ Къинхетаме
- ○ Комаьрша
- ○ КІоршаме
- ○ ДогцІена
- ○ ГІиллакхе
- ○ Оьзда

96. Нурадлиов Ханпашех хIун хаьа хьуна?

ТIам тIехь мила хилла Нурадилов Х.?

- ○ Пулеметчик
- ○ Иччархо
- ○ Танкист

Муьлхачу тIам тIехь дакъалаьцна цо? Оцу тIеман цIе дIайазйе.

_____
_____
_____
_____
_____
_____

Нурадилов Ханпашин цIарах хIун йу вайн гIалахь?

- ○ Ишкол
- ○ Театр
- ○ Университет

АЬХКЕ

97. Байтан тІе ца тоьу дешнаш дІайазде, Іамат тІе а хьожуш.

Ахьке, аьхке, _____ аьхке,
ДІа ма _____, денош лахкий.
Лела лаьа, _____ ловзуш,
_____ гІезаш йажо лоьхкуш.
Волу ара _____,
_____ аьхке – хаза туьйра.
Хаза ду-кха _____, гІалахь ,
_____, чехка дІа ма гІолахь.
Седарчий а _____ хьуьйсу,
_____, лаьтта дуьссу.
Аьхке Делан совгІат _____,
_____ малх бу стиглахь лепаш.

98. Макалов Шамсудин «Аьхке» байта тІера кІанта хІун леладо аьхка? Байта тІе а хьожуш дІайазде уьш.

_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____

99. Шу муха ловзу аьхка? Йазде цунах лаций.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____


_____

100. Магомаева Мареман «БаI» дийцаран турпалхойн амалех лаций дийца. ГIоьналлин дешнех пайдаэца, хьайгара хетарг тIе а йазде.

Аминат	Хьава
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____

догцIена, хIилла долуш, хьагI йолуш, къахьоьгур долуш, сийдоцуш, эхье, къардайна.

101. Макалов Шамсуддина йазйинчу «Къоршкъали» байта тIехь дуьйцучун сурт дилла.



102. Аьхкенан беттанийн цIраш дIайазйе.

_____

_____

_____

КХЕЧУ КЪАЬМНИЙН ЛИТЕРАТУРА

103. Сурташка хьажий, ала, муьлха хилам хьалхах хилла? Терахьаш хIиттаде.

◯ Аьчка диг	◯ Леткъа воккха стаг
◯ Дашо диг	◯ ОьгIазе Хинана, саьхьара стаг
◯ Саьхьара стаг	◯ Дато диг

104. «Воккха стаггий, хинаний» говзар туьйра дуй а дийцар ду?

_____

ХIунда хета хьуна иштта? ДIайазде.

_____

_____

_____

_____

105. Муьлхачу къоман йаздархо ву Лев Толстой?

_____

Кхин хIун йаздархой, поэташ бевза хьуна оцу къоман? Церан цIераш дIайазйе.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

106. «Хинана» бохург хIун ду? Муха хила йеза аьлла хета хьуна туьйранашкара хинана?

_____

_____

_____

_____

_____

107. Туьйранашкахь бен кхин хила йиш йоцу хIун турпалхой бевза хьуна?

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

110. «Хударан кхаба» туьйра дийца кечам беш, план хIоттайе.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

108. Муьлхачу къоман туьйра ду «Хударан кхаба?

_____

109. «Хударан кхаба» туьйранах хьайн классерчу дешархошка дала хаттарш кечде. ДIайазде уьш.

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

110. Хьуна кхин хIун къаьмнаш девза? Церан цIераш дIайазйе.

_____

_____

_____

_____

_____

ЧУЛАЦАМ

Марша да хьо, Керла шо! 3
Іа 5
Ваха Іама 8
Вайн кегий доттагІий 12
БІаьсте йогІу, бІаьсте йогІу... 15
Даймохк 21
Аьхке 26
Кхечу къаьмнийн литература 29

Учебное издание

Бадаева Айшат Салауддиновна, Алиева Зарина Лом-Алиевна, Халикова Асет Хусаиновна

ЧЕЧЕНСКАЯ ЛИТЕРАТУРА

Рабочая тетрадь № 2
к учебнику А.С. Бадаевой, З.Л.-А. Алиевой, А.Х. Халиковой
«Чеченская литература. 2 класс»

Редактор Бураева Т.И.
Верстальщик М.С. Астомирова
Технический редактор С.В. Дзагаева
Корректор А.Т. Бицалова

Подписано в печать 12.02.2023. Формат 70х90$^{1/}_{16}$. Бумага офсетная.
Печать офсетная. Гарнитура SchoolBookC. Усл.-печ. л. 2,34.
Тираж . Заказ .

АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»
364000, ЧР, Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35